



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 4  
KONTE PALM BEACH COVID-19  
DIREKTIV POU METE PWOTEKSYON FIGI**

**KONSIDERAN**, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo.

**KONSIDERAN**, nan dat 1ye mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-51 ki mande Depatman Sante Florid (“FDOH”) la pou pibliye yon ljan Sante Piblik; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 16 mas 2020, Prezidan Donald J. Trump ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (“CDC”) te pibliye gid “15 Jou pou Ralanti Pwopagasyon an” ki konseye moun yo adopte mezi distans sosyal konsiderab, tankou evite rasanbleman ki gen plis pase 10 moun epi, nan eta ki gen prèv sou pwopagasyon kominotè, ba, restoran, espas alimantè ak sal espò dwe fèmen; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 24 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye Dekrè Egzekitif 20-82 ki mande tout moun k ap antre nan Eta Florid ki sòti nan yon zòn ki gen gwo pwopagasyon kominotè pou izole oswa nan rete nan karantèn pou yon peryòd 14 jou apati dat antre nan Eta Florid oswa dire prezans moun lan nan Eta Florid, nenpòt sa ki pi kout la, pou enfòmè nenpòt moun nan Florid ke li te gen kontak ak li dirèkteman nan dènye 21 jou yo ke li te vwayaje sòti nan yon zòn ki gen gwo pwopagasyon kominotè; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisye Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou mande moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medical grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitiyasyon iminodeprime, ki gen ladan sila

yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 30 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon Dekrè Egzekitif Nimewo 20-89 ki mete restriksyon sou operasyon biznis ki pa esansyèl yo nan kèk Konte nan Sid Florid epi ki mande pou etablisman sa yo pran mezi rezonab pou respekte direktiv Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi Etazini (CDC) sou distans sosyal; epi

**KONDISERAN**, nan dat 30 mas 2020, Prezidan Donald J. Trump te pibliye gid Mezon Blanch “30 Jou pou Ralanti Pwopagasyon an”, ki pwolonje gid “15 Jou pou Ralanti Pwopagasyon an” ki te la anvan an jiska 30 avril 2020; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 1ye avril 2020, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 20-91, ki te gen ladan yon direktiv Pi An Sekirite Lakay ki di moun aje ak moun ki gen kondisyon medikal kache enpòtan yo dwe rete lakay epi pran tout mezi pou limite risk pou ekspozè ak COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, Dekrè Egzekitif 20-91, an akò avèk efò Prezidan Trump ak Gwoup Travay sou Kowonaviris Mezon Blanch lan pou konbat COVID-19 la epi sou baz oryantasyon Chirijyen Jeneral Florid la ak Ofisye Sante Eta a bay la, yo te mande tou pou tout moun nan Florid limite mouvman yo ak entèraksyon pèsònèl yo andeyò lakay yo pou sèlman bagay ki nesèsè pou jwenn oswa pou bay sèvis esansyèl oswa reyalize aktivite esansyèl, jan sa endike nan Dekrè Egzekitif la; epi

**KONSIDERAN**, nou rekòmande anpil pou tout moun rete lakay yo, anplis de granmoun aje yo ak sila yo ki gen kondisyon medikal kache enpòtan yo dwe rete lakay yo dapre Dekrè Egzekitif 20-91 la; epi

**KONSIDERAN**, Konte Palm Beach swete pran mezi anplis pou minimize pwopagasyon COVID-19 la nan kominote a.

**KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA** dapre Seksyon 252.38(3)(a), Lwa Florid yo, Atik II kòd Konte Palm Beach la, Seksyon 9-35 ak tout lòt lwa ki aplikab yo, ke:

1. Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. Òdonans sa a aplike nan tout zòn ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach.
3. Tout moun k ap travay nan, ki frekante oswa ki prezan fizikman nan episri, restoran, famasi, sit konstriksyon, veyikil transpò piblik, veyikil transpò pataje ak lokal kote mezi distans sosyal yo pa posib dwe mete pwoteksyon figi jan CDC defini sa.
4. Tout lòt moun ki prezan fizikman nan nenpòt plas piblik nan Konte Palm Beach gen rekòmandasyon pou mete pwoteksyon figi jan CDC defini sa.

5. Yon pwoteksyon figi gen ladan nenpòt pwoteksyon ki byen kouvri nen ak bouch, li mèt se yon mask ki achte nan magazen oswa ki fèt lakay oswa pwoteksyon an twal, ki gen ladan men pa limite ak, foula, bandana, mouchwa oswa lòt pwoteksyon an twal epi ki byen mete. N ap jwenn sou sitwèb CDC a egzanp pou pwoteksyon figi ki fèt lakay ki konfòm yo: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/diy-cloth-face-coverings.html>. Moun ki mete pwoteksyon figi yo dwe revize direktiv CDC ak Depatman Sante Florid la konsènan fason pou mete, retire ak netwaye pwoteksyon figi yo.
6. Moun ki itilize pwoteksyon figi yo pa dwe jwenn mask pou operasyon yo oswa mask ki klase N95 yo, piske yo se founiti enpòtan pou pwofesyonèl swen sante yo, lapolis, ponpye, jesyon ijans oswa lòt moun ki nan aktivite sove lavi ak sekirite.
7. Nenpòt dispozisyon nan Òdonans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk, oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans sa a avèk rès Òdonans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans sa a.
8. Òdonans sa a dwe antre anvigè nan 12:01 a.m. nan dat 13 avril 2020. Òdonans sa a ap ekspire lè Eta Dijans Lokal aktyèl la fini, menm jan li ka pwolonje atravè yon lòt òdonans oswa deklarasyon amwenske gen yon lòt òdonans ki te gentan mete fen ladan.

**KONTE PALM BEACH**

**Pa:** [Siyati]  
**Administratè Konte**

11 avril 2020  
**Dat**

**ATESTE**  
**GREFYE AK KONTWOLÈ**

**Pa:** [Siyati]  
**Grefye Adjwen**

**APWOUVE SELON**  
**SIFIZANS JIRIDIK**

**Pa:** [Siyati]  
**Pwokirè Konte**